

BAB III


MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah *Wawacan Abu Nawas*. Ieu naskah mangrupa koléksi Bapa Endos warga Désa Ngampalang, Kacamatan Cilawu, Kabupatén Garut. Ieu wawacan ditulis dina kertas pabrik, kandelna 67 kaca sarta ngagunakeun aksara Pégon. Tina ieu sumber data dipaluruh eusi jeung struktur carita pikeun dijadikeun populasi atawa sampel total.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan diébréhkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Dina hiji panalungtikan sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé tangtuna baé kudu dibarengan ku méthode. Méthode nya éta cara ngalaksanakeun hiji pagawéan sahadé-hadéna (KUBS, 1995: 343). Lian ti éta, méthode bisa dihartikeun salaku hiji cara atawa hiji jalan anu dina téhnik panalungtikan ilmiah mah sok dianggap salkau cara gawé pikeun maham hiji objék paélmuan. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Méthode déskriptif nya éta méthode panalungtikan pikeun ngagambarkeun karakteristik data saujuratna nalika lumangsungna panalungtikan (Subana, 2001: 27). Nurutkeun Hasan (2002: 22) déskriptif hartina “melukiskan variable demi variable, satu demi satu”. Méthode déskriptif miboga tujuan pikeun:

- 1) *Mengumpulkan informasi aktual secara rinci yang melukiskan gejala yang ada;*
- 2) *Mengidentifikasi masalah atau memeriksa kondisi dan prakték-prakték yang berlaku;*
- 3) *Membuat perbandingan atau evaluasi;*
- 4) *Menentukan apa yang dilakukan orang lain dalam menghadapi masalah yang sama dan belajar dari pengalaman mereka untuk menetapkan rencana dan keputusan pada waktu yang akan datang.*

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis. Éta méthode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Abu Nawas* nepi ka bisa kapaluruh kaayaan éta naskah, nu saterusna dianalisis struktur carita jeung sémiotika dina wangun caritana.

3.4 Wangenan Operasional

Pikeun ngaragemkeun pamahaman ngeunaan ieu panalungtikan, ku kituna diébréhkeun sababaraha wangenan operasional saperti ieu di handap.

- 1) *Wawacan Abu Nawas*, nya éta wawacan (bacaan/carita nu didangding) anu nyaritakeun ngeunaan kapinteran atawa kapercékaan tokoh utama nu ngaranna Abu Nawas. Ieu wawacan digurit dina wangun pupuh, ari pupuh anu digunakeunna nya éta Asmarandana, Sinom, Kinanti, Dangdanggula, Magatru, jeung Pangkur.
- 2) *Transliterasi*, sarua hartina jeung transkripsi, nya éta nyalin téks naskah. Dina ieu panalungtikan nya éta nyalin tina aksara Arab Pégon kana aksara Latén. Tapi lain hartina narjamahkeun, lantaran basana mah sarua.
- 3) *Analisis Struktural*, nya éta kagiatan anu tujuanana pikeun maham kana rupa-rupa informasi anu kapanggih dina eusi carita (*Wawacan Abu Nawas*). Dina kontéks ieu diwatesanan kana informasi anu aya dina fakta carita (palaku, galur, jeung latar).
- 4) *Analisis Sémiotika*, nya éta kagiatan anu tujuanna pikeun maham kana rupa-rupa informasi anu nyamuni dina tanda-tanda. Dina ieu panalungtikan tanda-tanda anu dimaksud nya éta ikon, indéks, jeung simbol.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Tabél Pupuh anu digunakeun dina naskah Wawacan Abu Nawas, dipaké pikeun ngébréhkeun jumlah pada dina unggal kanto.*

No	Ngaran pupuh	Jml Pada	Guru Wilangan	Guru Lagu

- 2) *Tabél kasalahan makéna guru lagu, digunakeun pikeun ngarinci kasalahan-kasalahan makéna guru lagu dina saban padalisan. Lian ti éta, ieu tabél ogé nuduhkeun kakurangan jeung kaleuwihan padalisan dina unggal pada.*

No	Ngaran pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Keterangan		Keterangan
				leuwih	Kurang	

- 3) *Tabél kasalahan makéna guru wilangan, digunakeun pikeun ngarinci kasalahan-kasalahan makéna guru wilangan dina saban padalisan.*

No	Ngaran pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Keterangan	
				Dina teks	Kuduna

- 4) *Tabél interprétasi kana tanda ikon, digunakeun pikeun nganalisis tanda ikon anu aya dina naskah WAN.*

No	Kode	Objék analisis	Tipe			Interprétasi
			Img	Dgm	Mtf	

Keterangan:

Img : Imagi

Dgm : Diagram

Mtf : Métafora

- 5) *Tabél interprétasi kana tanda indéks*, digunakeun pikeun nganalisis tanda indéks anu aya dina naskah WAN.

No	Kode	Objek Analisis	Tipe	Interprétasi

- 6) *Tabél interprétasi kana tanda simbol*, digunakeun pikeun nganalisis tanda simbol anu aya dina naskah WAN.

No	Kode	Objek Analisis	Interprétasi

3.6 Téhnik panalungtikan

Téhnik panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nya éta salasihiji usaha pikeun milih cara (prosédur) mana nu kudu dilakonan dina ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal.

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik studi pustaka, nya éta ku cara macaan literatur-literatur nguenaan filologi, sémiotika, jeung tiori sastra, pikeun meunangkeun dasar-dasar tiori nu aya hubunganana jeung panalungtikan.

3.6.2 Tehnik Ngolah data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan di antarana:

- 1) Maca naskah *Wawacan Abu Nawas*;
- 2) Nyusun transliterasi naskah *Wawacan Abu Nawas*;
- 3) Nganalisis sturktur carita anu aya dina téks *Wawacan Abu Nawas*; jeung
- 4) Nganalisis unsur sémiotika anu aya dina téks *Wawacan Abu Nawas*.

